



## Geni de Tou lè Jou

### Fè yon Kat Jeografik pou yon Chas Trezò

Kat Jeografik ba'w enfòmasyon sou yon plas e ede nou jwenn kote nou prale de yon lokasyon a yon lòt. Aktivite ki enkli fè yon senp kat jeografik nan yon chanm e sèvi ak li pou jwenn ti trezò.

#### Kisa ke ou bezwen:

- Papye
- Sizo
- Yon bagay pou ekri ak li
- Tep (opsyonèl)
- "Trezò" pou kache (tankou yon ti jwèt)

#### Preparasyon:

1. Chwazi yon chanm kote ou rete. Sou yon pyès papye, desine yon mi nan chanm lan, kite espas pou okenn pòt.
2. Sèvi ak lòt pyès papye, koupe yon senp fòm tankou kare ak ron pou reprezante yon gwo founiti, tapi, oubyen lòt bagay pèmanan nan chanm lan.

#### Kisa pou fè:

1. An premye, ranpli kat jeografik lan ak fòm pou diferan founiti ak lòt bagay. Pyès yo kapab tache ak tep oubyen senpleman plase yo nan kat jeografik lan. Ou kapab mete sou pyès lan pou li kapab montre objè an oubyen mete yon ti foto pou kapab sonje sa li reprezante.
2. Yon fwa ke kat jeografik lan finn asanble ou kapab sèvi avèl pou chas trezò an! Pran tou pou kache ti objè nan chanm lan. Epi sèvi ak kat jeografik lan pou kapab bay yon ide sou ki kote ou kat objè a.



Enpe mo ak fraz ki kapab ede pou dekri chanm lan se: pre, lwen, bò kote, ak ant. Depandan fe laj pitit ou an, ou kapab pratike tèm direkson tankou "goch" ak "dwat".